



Pou Piblikasyon Imedya: 04/03/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 12 SIT VAKSINASYON TANPORÈ AP VINI ANLIY SEMÈN SA A POU VAKSINE PLIS PASE 4,000 NOUYÒKÈ

Ranfòse angajman Eta a pou asire jistis ak ekite nan pwosesis distribisyon vaksen an

Sit vaksinasyon kominotè 'tanporè' yo te pèmèt plis pase 50,000 Nouyòkè resevwa premye dòz vaksen an

Sit òganizatè yo ak founisè patenè yo ap reyalize sansibilizasyon nan kominote yo a epi yo ap travay avèk lidè kominotè yo ak òganizasyon yo pou idantifye Nouyòkè ki elijib yo epi pwograme randevou vaksinasyon yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a 12 sit vaksinasyon kominotè tanporè ap vini anliy semèn sa a nan devlopman lojman piblik yo, legliz yo, sant kominotè yo, lekòl yo ak kazèn ponpye yo. Yo prevwa sit sa yo ap vaksinen plis pase 4,000 moun pandan tout semèn lan. Depi 15 janvyè, 120 sit kominotè tanporè te administre plis pase 50,000 premye dòz nan vaksen kont COVID-19 la. Menm jan ak sitiasyon sit tanporè anvan yo, yo pral re-etabli sit sa yo nan twa semèn pou administre dezyèm dòz yo.

Alavni, kòm founiti vaksen federal la ap ogmante, New York pral kontinye etabli sit tanporè sa yo nan tout 33 Devlopman Lojman pou Granmoun Aje NYCHA (NYCHA Senior Housing Developments) yo, ki loje plis pase 7,600 granmoun aje. Yo pral kontinye etabli tou lokal tanporè yo pral nan lòt konplèks lojman piblik yo nan tout Eta a, epitou nan plis pase 300 legliz ak sant kiltirèl ki ofri tèt yo volontèman pou loje sit sa yo atravè Gwoup Travay sou Ekite Vaksen (Vaccine Equity Task Force) Gouvènè Cuomo a.

"Atenn kominote defavorize yo nan tout Eta a enpòtan pou yon estrateji vaksinasyon ki sèvi tout Nouyòkè yo, epi sit kominotè tanporè yo mennen vaksen an dirèkteman bay sila yo ki te frape pi rèd anba viris la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pandan nou kontinye elaji aksè a, nou ap fè patenarya tou avèk lidè yo pou adrese dout sou vaksen an ki rete yon gwo pwoblèm nan kominote ki defavorize yo. Jistis ak ekite nan pwosesis distribisyon vaksen an rete priyorite prensipal nou epi nou pap repoze jiskaske nou bat viris la yon fwa pou tout."

Etablisman anpil nan sit vaksinasyon sa yo te vini posib atravè patenarya yo avèk anpil founisè swen sante piblik ak prive. Sit òganizatè yo ak founisè patenè yo ap reyalize

sansibilizasyon nan kominote yo a epi yo ap travay avèk lidè kominotè yo ak òganizasyon yo pou idantifye Nouyòkè ki elijib yo epi pwograme randevou vaksinasyon yo. 12 sit vaksinasyon yo te etabli semèn sa a sitiye nan adrès ki anba la a:

VIL NEW YORK

Legliz Batis Canaan (Canaan Baptist Church)

132 W 116th St

New York, NY 10026

Ouvri: 5 mas 2021; 9:00 AM-5:00 PM

NYCHA Chelsea Addition

436 West 27 Drive

New York, NY 10001

Ouvri: 5 mas 2021; 9:00 AM-5:00 PM

Lojman Jacob Riis (Jacob Riis Settlement)

10-25 41st Ave

Queens, NY 11101

Ouvri: 7 mas 2021; 9:00 AM-8:00 PM

Sant Kominotè Spring Creek Towers (Spring Creek Towers Community Center)

1540 Van Sicten Avenue

Brooklyn, NY 11239

Ouvri: 6 mas 2021; 9:00 AM-5:00 PM

LONG ISLAND

Uniondale High School

933 Goodrich Street

Uniondale, NY 11553

Ouvri: 4 mas 2021; 08:00 AM-12:00 PM

Tanp Endou B.A.P.S Swaminarayan (B.A.P.S Swaminarayan Hindu Temple)

2 Deshon Drive

Melville, NY 11747

Ouvri: 5 mas 2021; 08:00 AM-12:00 PM

HUDSON VALLEY

Open Door Family Medical Center

Kò Anbilans ak Neighbors Link Vilaj Ossining

165 Main St

Ossining, NY 10562

Ouvri: 6 mas 2021; 9:00 AM-5:00 PM

tout randevou yo deja konplè

REJYON KAPITAL

Kazèn Ponpye Santral Hudson (Hudson Central Firehouse)

77 North 7th Street
Hudson, NY 12534
Ouvri: 6 mas 2021; 10:00 AM-1:00 PM
tout randevou yo deja konplè

MOHAWK VALLEY

Legliz Batis Sen Pòl la (St. Paul's Baptist Church)

219 Leah St
Utica, NY 13501
Ouvri: 4 mas 2021; 9:30 AM-1:30 PM

SOUTHERN TIER

Legliz Batis Lamitye (Friendship Baptist Church)

120 Pearl St
Corning, NY 14830
Ouvri: 5 mas 2021; 1:00 PM-4:00 PM

NEW YORK SANTRAL

Legliz Batis Misyonè Tucker (Tucker Missionary Baptist Church)

515 Oakwood Avenue
Syracuse, NY 13205
Ouvri: 5 mas 2021; 12:00 PM -3:30 PM

FINGER LAKES

Sant R Campbell Street (Campbell Street R-Center)

524 Campbell St
Rochester, NY 14611
Ouvri: 6 mas 2021; 09:00 AM-1:00 PM

Devlopman kontini sa a nan sit vaksinasyon kominotè 'tanporè' yo fè avanse manda Gouvènè Cuomo a pou asire distribisyon jis ak ekitab vaksen COVID-19 la. Nan fen 2020, Gouvènè a te anonse lansman Gwoup Travay sou Ekite Vaksen nan New York ke Sekretè Eta Rossana Rosado, Pwokirè Jeneral Letitia James, Prezidan Lig Nasyonal Iben ak Direktè Egzekitif Jeneral Marc Morial, ak Prezidan Healthfirst ak Direktè Egzekitif Jeneral Pat Wang ap dirije. Depi etablisman li, Gwoup Travay la te kontinye travay pou asire kominote vilnerab ak defavorize yo pa rete dèyè nan elimine baryè pou jwenn vaksinasyon epi asire gen distribisyon ekitab vaksen an nan tout Eta a.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)